Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 34 (6614) 20 август 2018 с. Итни ЗулхIижа 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИ

## Баркула Къурбан - байрам

ХIурматиял бакълъулал!

Къабул гьабе киналго бусурбабазул байрам-Къурбан байрамалъул барки. Аллагьас къабул гьабеги гьеб къоялъ хъураб къурбанги, гьабураб садакъаги, кинабго лъикIаб гIамалги Ибрагьим Аварагасул (гI.с.) Къурбан гIадин.

ТIадегIанас кьеги нужее щулияб сахлъиги, кIиябго рокъоб талихIги, сабруги, рохелги хириял районцоял!

Биччанте гьеб гвангъараб байрамалъ нужее босун бачIине рекъел ва лъикIлъи, биччанте тIадегIанас нужер пайдаял гIамалал къабул гьаризе.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер
ХIажимурад МухIамадов

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Бакълъулазул маданияталъул цIияв нухмалъулев

### Бакълъулазул районалда тIобитIана культура цебетIезабиялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъураб данделъи

**Бакълъулазул районалъул Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб централияб библиотекаялда тIобитIана культураялъул ва туризмалъул отделалъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьениб «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас гьезулгун лъай-хъвай гьабуна цIияв тарав нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановасулгун.**



Данделъиялда кIалъазе рахъана администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул нухмалъулев, Дагъистан Республикаялъул Культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибиров. КIалъазе рахъараз рорхана культураялъул тIолго рахъазда хурхарал суалал, бицана культураялъул учреждениял церетIеялъе хадуб ккун гьабизе бугеб ишалъул.

«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи, «Нусго школа», нухал къачIай, газ бачин, лъедалъун хьезари...

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна цIияб цIалул соналде лъайкьеялъул учреждениязул хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суал

**3 августалда Бакълъулазул районалда тIобитIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна цIияб 2018-2019 цIалул соналде хIадурлъиялъул, гьединго цогидалги кIвар бугел суалал. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, регионалиял ва муниципалиял идарабазул вакилзабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез ва цогидалги жавабиял хIалтIухъабаз. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.**



«ХIажат буго тIоцебесеб сентябралде, жиндир заманалда школазда, ясли-ахазда ремонталъулал хIалтIаби гьарун лъугIизаризе. Лъаязул къо гьеб ккола улкаялъул бищун хIажатал байрамаздасан цояблъун. ЦIалдохъабазул лъаялъул даража борхизаби бараб буго учителасул махщалида. Нилъер масъала буго лъимал хIажатаб щиналдалъун хьезари, цIияб гIелалъе качествалъулаб лъай кьей. Приоритетниязда гьоркьоб кидаго буго цIалул тIолго рахъазул суалал ва нилъецаги гьел тIуразариялде цIикIкIун кIвар кьезе ккола»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Школаз ва школазда цересел учреждениязда цIияб цIалул соналде гьабун бугеб хIадурлъиялъул бицана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухIамадовас. 2018 соналъул тIоцебесеб сентябралда жидерго нуцIби рагьилелде, бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениязда рагIалде бахъунеб буго ремонталъулал хIалтIаби. Нижеца кIудияб кIвар кьолеб буго мугIалимзабазул лъай борхизабиялде. Дагъистаналъул лъай цебетIезабиялъул институталъул курсазда гьаб сагIаталда районалдаса 50 гIанасев байбихьул классазул ва 24 гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим вуго.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 141 сон тIубаялда хурхун тадбир

-2 гьум.



СайгидмухIаммад-хIажи Абубакаров ракIалде щвеялъул акция

-2 гьум.



22 август – Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо

-2 гьум.



1649 цIалдохъан

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ПIали-хIажи

№ 34 20 август 2018 с.

## ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи, «Нусго школа», нухал къачIай, газ бачин, лъедалъун хьезари...

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** Нижеца планалде босун буго литературияв классик Расул ХIамзатовасул 95 сон тIубаялде тадбир хIадуризе, гьединго хIадурлъи гьабулеб буго педагогикиял хIалтIухъабазул августалъулаб данделъиялде,-ян абуна Муса КъурамухIамадовас.

«Нусго школа» республикаялъулаб программаялде гьорлъе бачун буго Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслияб школа. Гьел школазда ремонталъулал хIалтIаби гьаризе руго республикаялъул бюджеталъул счеталдасан,-ян абуна районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул, гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен МутагIиловас.

Данделъиялда машинаби хьвадулел нухазул бугеб хIалалъул бицана «Гумбетовский ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас. ХIариб габурлъиялда нусго метралъул гIеблъиялда нух ччукIана. Районалъул нухазул хьулухъалъул техникаялъул къуваталдалъун гьеб участкаялда бугеб нух рагьизе кIвана. Чвахун рарал цIадаз, цебесеб анкьалда хвезарун рукIарал республикаялъулал ва бакIалъулал кIваралъул нухал рацIад гьаруна.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас бицана медикаментазул цIияб партия щванин, больницаялда сах гьавулев вугин 60 унтарав ва гьесие хIажатаб медицинаялъулаб кумек гьабулеб бугилан.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана росабалъе газил мухъ бачиналъул рахъалъ гьабула бугеб хIалтIул.

Москваялдаса районалъул гIолохъанал речIчIухъаби тIад руссана,-ян абуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас. Республикаялда билълъанхъизабулеб буго «Спорт-гIумруялъул норма» абураб проект. Гьеб проекталде район гьорлъе ккезабиялъе хIалтIи гьабулеб буго,-янги абуна гьес.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас кIвар буссинабуна кколеб низамалда гIадамазе лъим чIезабиялде, документал рукIалида рачине ккеялде ва цогидалги кIвар бугел темабаздe.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас бюджеталъул сфералда хIалтIулел киналго хIалтIухъаби ахIана гIуцIиялда бараб хIаракатчилъи цIикIинабизе, халкъалъул гIумруялъул даража борхизабиялъе кквербакъи гьабизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ТАРИХ

## 22 август –Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо

**Щибаб соналъул 22 августалда Россиялда кIодо гьабула Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо. Гьеб чIезабуна 1994 сонулъул 20 августалда. Россиялъул Федерациялъул Президентасул №1714 Указалдалъун.**

1991 соналъул 22 августалда Москваялда «ХъахIаб рукъалда» тIад борхана лъабго батIияб кьералъул байрахъ, нилъгун квартIаялъул гIаламатгун букIараб багIараб байрахъги хисун. Гьеб къоялъ РСФСРалъул Верховный Советалъул сессиялда хIукму гьабуна хъахIаб, хъахIилаб, багIараб чIва бугеб байрахъ Россиялъул хасаб миллияб байрахълъун рикIкIине.

ХъахIаб-хъахIилаб-багIараб чIваби ругеб байрахъ тIоцебе борхун букIана Алексей Михайловичас ханлъи гьабулеб заманалда «ЦIум» абураб рагъулаб гамаялда, Голландиялъул инженер Давид Бутлерица 1668 соналда.

ХъахIаб кьералъ жахIдахIусуд гьечIолъиялъул, къадру букIиналъул, хъахIилалъ-ракI бацIцIалъиялъул, багIаралъ-хIинкъи гьечIолъиялъул ва гIаданлъиялъул гIаламатал загьир гьаруна.

РОСДАЛ МАГIИШАТ

## 1252 тонна тIоцалил

**Бабаюрталъул зоналда ругел хъутабазда Бакълъулазул районалъул росдал магIишаталъул кооперативаз (СПКяз) хасалил культураби рекьун рукIана 783 гектаралда,-ян бицана районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул агроном ХIайбула Нажмудиновас. Гьелдасан 627 гектаралдаса бачIин бакIарана.**

Щвана кинабниги 1252 тонна тIоцалил. Гьеб ккола гьоркьохъеб хIисабалда цо гектаралдаса 20 центнер. Щибаб гектаралдаса «Тляротинский», «Щабдухский» СПКязул щибалъ 24 центнер, «Цилитлинский», Ингишинский» СПКязул щибалъ 23 центнер тIоцалил бакIарана. Гьаб сагIат байбихьун буго тIасияб соналде культураби рекьизе ракь бегиялъул хIалтIуда.

### 960 тонна харил

СПКяз ва гIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIиялъе хIадурун буго кинабниги 9660 тонна харил. Гьелдасан «Тляранский» СПКялъ 555, «Мехельтинский» СПКялъ 900, Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 1000 тонна, «Щабдухский» СПКялъ 600, «Цилитлинский» СПКялъ 550, «Ингишинский» СПКялъ 310 тонна.

Рази гьаруна исана пихъил бачIиналъ. БакIарана кинабниги 455 гектаралдаса гага бугел пихъазул 3366 тонна. Гьеб ккола цо гектар хIисаб гьабун 78 центнер.

**ГIайшат Исламбиева**

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 141 сон тIубаялда хурхун тадбир

**13 августалда Бакълъулазул районалъул лъималазулгун-гIолилазул библиотекаялда тIобитIана Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 141 сон тIубаялда хурхун « Я поэт рожденный народом…» абураб ахIиялда гьоркь тадбир.**




Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас, централияб библиотекаялъул системаялъул лъималазулгун гIолилазул отделалъул хIалтIухъабаз ва цогидазги. Тадбир гIуцIун букIана лъималазулгун гIолилазул отделалъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъ, библиотекарал ГIазра Исубилаевалъ ва Раисат УхIумагIалиевалъгун цадахъ.

Тадбир гIуцIараз бицана ХIамзатил гIумруялъул ва творчествоялъул, цIалана поэтас хъварал машгъурал кучIдул, гьенир гIахьаллъарал щвана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централда бугеб музеялде. Гьединго гIуцIун букIана тIахьазул выставкаги. ТIобитIараб тадбиралъ жиндие гьабураб асаралъул бицана МелъелтIа росулъа Асият Мусалаевалъ.

**«Гумбет» РИО**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

## СайгидмухIаммад-хIажи Абубакаров ракIалде щвеялъул акция

**Бакълъулазул районалъул ЦIилиикь росдал библиотекаялда тIобитIана мугIрузул улкаялъул рухIияв цевехъан, машгъурав диниияв хIаракатчи, Дагъистаналъул цеве вукIарав муфтий СайгидмухIаммад-хIажи ракIалде щвеялъул акция.**

Гьеб росдал библиотекаялъул нухмалъулей ГIазра Абубакаровалъ бицана СайгидмухIаммад-хIажил гIумрудул нухалъул. Гьелъ росдал гIолилазе гIахьал гьарун гIуцIун букIана нашидал цIали, хIадурун букIана террористазул квердасан хварал диниял хIаракатчагIазул гIумруялъул хIакъалъулъ бицунел тIахьал ва макъалаби лъураб стенд.




Бицана, Дагъистаналда СайгидмухIаммад-хIажи Абубакаровасул цIар даимлъи мурадалда гьабураб хIалтIулМахIачхъалаялда гьесул цIар кьун буго къватIалъе, мадрасабазе ва цогидалги объектазе.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ

## Директорзабазул заместителазул данделъи

**16 августалда Бакълъулазул районалъул информациониябгун методическияб централда тIобитIана районалъул школазул директорзабазул заместителазул данделъи. Гьеб рагьана ва бачана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухIамадовас. Данделъиялда гьоркьор лъуна: 2018-2019 цIалул соналде ругел цIалул планазул хIакъалълъ, районалъул школазда Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялда хурхун тIоритIарал ва тIоритIизе ругел тадбиразул, цIалдохъаби цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун кIалъазе рахъана Игьали гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель МуртазагIали ХIажимурадов, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель Асият Валиева, ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель МухIамад ХIажимурадов, МелъелтIа аслияб школалъул директорасул заместитель Рамазан ГIабдурахIманов ва цогидалги. Ахиралда кIалъазе вахъарав информациониябгун методическияб централъул методист Зайид ХIусеновас тIадчIей гьабуна педагогазул лъай борхизабиялъул суалалда ва сентябралда тIоритIизе ругел школазул олимпиадабазде ва конкурсазде хIадурлъизе ккеялда.

**ГIайшат Исламбиева**

ГІЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧІЕБ ЖО

# 1649 цІалдохъан

## Школал 2018-2019 цІалул соналде хІадурун руго

**ГІагарлъулеб буго школаз жидерго нуцІби рагьулеб заман. «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетІерав специалист Сурхай Сурхаевгун.**

**-Сурхай, 2018-2019 цІалул соналде лъайкьеялъул учрежденияз гьабун бугеб хІадурлъиялъул хал гьабунищ?**

-«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул 2018 соналъул 6 августалда бахъараб №78 буюрухъалда рекъон анкьго чиясдасан гІуцІун букІана комиссия (комиссиялъул председатель районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиев). Ко-



миссиялда гъорлъ рукІана районалъул лъайкьеялъул отделалъул, цІа ккеялдаса цІуниялъул, роспотреб надзоралъул, полициялъул хІалтІухъаби. 7 августалдаса 16 августалде щвезегІан комиссиялъ хал гьабуна школазул, ясли-ахазул, тІадеги лъайкьеялъул учреждениязул. Хал гьабуна школазда гьабурал ремонталъулал хІалтІабазул, цІа ккеялдаса ва терроризмалдаса школал цІуниялъе гьарурал тадбиразул, гьединго хасалоялде гьабун бугеб хІадуриялъул.

Абизе бегьула школазда ремонталъулал хІалтІаби гьарун лъугІун ругилан. ЦІияб цІалул соналде лъикІаб хІадурлъи гьабун буго ЦІиликь, ЛъаратІа, Килалъ, ТІаса Инхо гьоркьохъел школазда, Игьали, Гъоркь Инхо, Килалъ ясли -ахазда. Масала, ТІаса Инхо гьоркьохъеб школалда лажбар бахин, хъахІ гьаби гуребги, школа цІуниялъе сверун маххул чали гьабун буго, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа цІуниялъе 30 метр халалъиялда къед гьабун буго, Игьали гьоркьохъеб школалда ясазе цІияб хІажатхана бан буго, ЛъаратІа гьоркьохъеб школалда байдан маххул чалиялъ сверун къан буго.

Амма, гьаб ахираб заманалда рарал чвахун цІадаз МелъелтІа аслияб школалъе зарал ккана. Гьеб школалъул 3 метр борхалъиялда, 4 метр гІеблъиялда бугеб къед биххун буго,-ян абуна Сурхай Сурхаевас. Гьелъ школалъе кІудияб зарал гьабун буго. Бакълъулазул районалъул нухмалъулез кьокъаб болжалалда биххараб къед гьабиялъе кумек гьабичІони зарал цІикІкІизе бегьула. Щайгурелъул, бараб цІад жанибе чвахула бугелъул.

**- ЦІияб 2018-2019 цІалул соналда школазда кинавниги чан цІалдохъан цІализе вугев?**

- ЦІияб 2018-2019 цІалул соналда районалъул школазда партабазда нахъа гІодов чІезе вуго 1649 цІалдохъан, гьездасан тІоцебесеб классалде вачунев 183. Ясли-ахазда тарбия кьезе буго 532 гІанасеб лъимералъе.

Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениял хІадурун руго тІоцебесеб сентябралда цІалдохъаби къабул гьаризе.

**Накъит гьабуна**
**ГІайшат Исламбиевалъ**

НИЛЪЕР ИХТИЯРАЛ

# Халкъалда гъорлъе дун кколев ватичІо

**Араб соналъул ахирисел моцІазул районалъул басмаялъул хал шал гьабулаго циндаго бер речІчІана октябралъул цо номералда «Халкъалъул ургъалида» абураб бетІергун хъвараб цо асаралда. Гьаб заманалдаги гьединал хІакимзаби рукІин къанагІатаб иш бугилан ракІалдеги ккун ваккана цодагьавги жанивегІан. Жакъа нильехъа нилъерго рукъор ругезулцин букІине кколедухъ ургъелтІалаб гьабун бажарулареб мехалда, тІубараб халкъалъул ургъел гьабизе ккани гьел гьаримазда макьугІаги щолебан пиркъана гІаданиб, макьу тей квен теялдасаги захІматабиланги абулин цо-цояз. Гьелги ратана районалъул МФЦялъул хІалтІухъаби. ХІал чІахъадал, гьедин хІалтІизе жеги чорхое сахлъиги, къуватги, къин гьечІеб сабруги кьеги нужее Аллагьас!**

«Epistulam non erubescit» (эпистулам нон эрубесцит) абун буго латиназул цо аби. МагІнаги ккола гьелъул «кагьаталъ хІехьолареб жо букІунарилан» абураб, ай гІурус мацІалда абуни «Бумага все терпит» абун. Дун гуро кагъат-кьаламалъул ихтияр кодоб букІунилан бокьа-бокьараб хъвалев чи, хъваларо цо къоялъ дида жаваб кьезе кІолареб хІужаялъул хІакъадъулъ,цІакъ бокьула битІаралда-битІарабин,тІекъалда-тІекъабин, бихьаралда-бихьарабин, рагІаралда-рагІарабин абизе ва хъвазе. КІоларо цо-цо цойгидаз хъваралда хурхун дирго пикру загьир гьабичІого,рекІеда хІунсараб къватІибе рехичІого чІезе, абуниги,хъваннги гьелъул щибгІаги жо хисулареблъи щибаб къойил гІадин якъинго бихьулеб бугониги. Гьай-гьай, лъикІаб хІалтІуе лъикІаб къимат кьезеги,къадараб какизеги кІвезе ккола нилъеда,гьурмахъ,хъулухъалъухъ балагьичІого. ХІасилул калам,гьебги хъулухъчиясул хадубккунисеб хІалтІуде гьира базабиялъул ва загьир гьарурал гІунгутІаби хадурккун риччангутІиялъул, гьев кантІизавиялъул, гьесул ва гьев хІалтІулеб гІуцІиялъул къадру-къимат борхиялъул мурадалда,кинаб бугониги жахІда, рекІелъе биччачІого. Жиндир адресалда критика гьабулесулги щибго рекІелхвей букІине ккеларо жиндида бугеб жо абунилан, тадбирал гьаризе ккела рехсараб гІунгутІи тІагІинабиялъе ва хадубккун биччангутІиялъе.

Цо заманалда геидерил тоннельги къан рикІкІадасан сверизаруна шагьаралде нахъе унел-рачІунел гІадамал. Амма цо хасал гІадамазе гьелъул кІудияб къвариялъи букІинчІо, квал-квал гьечІого гьенисан унаан ва рачІунаан. Гьеб заманалда хъван букІана дица «ХІакъикъат» газеталде «ГІадамал цІалкІулеб цІалкІу» абураб асар. Гьединаб цІалкІуцин - гурodай щвана МФЦялъулазухъеги абун ккезе бачІана ракІалде: гьаз ургъел гьабулеб халкъалъул къапилаялде гъорлъе,щаялиго,дун кколев ватичІо ва щаклъизе бачІунеб буго дун гІадинал жеги ратизе бегьиялда.

«ХІакъикъат» казиялъул «РекІел ахІи» рубрикаялда, «Киналъулго хІалбихьана» абураб бетІергун бахъун букІана (№37,І6.09.20І6 с.) дир макъала. Гьениб хъваралъул хІакъалъулъ кинабго такрар гьабиларо,рехсела цо-кІиго мисал.«Поддержка начинающих фермеров на период 20І5-20І7 годы» абураб хІукуматалъул Программа лъие хІалтІулеб жояли лъазе бокьун,Росдал МагІишаталъул министерствалдасан, лъикІаланго квалквалаздаса хадуб,цо дагьабго квер базе бакІги шун,документал хІадуреян гьаригун щвана районалъул МФЦялде. ЦІадаса ХІамзатица абухъего «басиялъ гІоштІол гІоркь хъублъун батана», ай «мохмохалда нах бахунеб» Программа батана гьеб: цо чанго къоялдасан ахІун бачІана банкалъул счеталда миллион «Р» букІине кколеб рагІулилан миллион кодоб букІун хадуб гьезул кумекго щаяли бичІчІичІо, лъаларо! Гьадинаб ахІвал-хІалалда лъикІаблъун ва рекъон букІинароандай пуланаб, пуланаб хІукуматалъул, яги рехсараб Министерствоялъул, пуланаб нормаялъул, пуланаб заманалада бахъараб хІукмуялъул къучІалда, пуланаб къадар гІарцул бетІергьанлъун мун ватичІони дуе рехсараб кумек щоларо, абун хъван кагъат битІун (письменный ответ) къваригІел тІубаян вачІарасда лъазе гьабизе,кІал букъу- леб бакІги букІунарелъул !

Игьелдерил ракьалда шагьранухлул рагІаллъабазда рарал даран гьабулел ва квана-гьекъолел бакІазул цонигияб букІинчІо умумуздасан ирсалъе щвараб, жалго бетІергьанаб ракьалда бараб, нижер гурони.Гьел бакІал разе байбихьилелдего кьуна документал МФЦялде,«зеленка» гьабизе абун камурал-тарал документалгун чанго нухалда щвана гьениве,гьел киналго кагътал гьез ракІаризе кколел ругониги, къваригІел хехго тІубаялъул мурадалда. Ахиралдаги гьадигІанасеб гІарац кьезе кколин, гьелда бан бугин кинабгоян абидал, кьуна гьебги,босана квитанцияги.Гьале 3-4 сон унеб буго,документ щоларо. 3 соналдаса цебе гьеб документ духъе щванани бахъизе бер ккелин абулелги рукІана, дунгоги хІинкъун вукІана,дун сабаблъун берги гьечІого хутІиладай цонигиявилан. Эдинги Вангада гуребги лъалеб букІун буго балъголъи. Казиялда хъван бачІиндалгІаги цодагьаб шура-хъули лъугьине бегьулин букІана пикру,амма..., гІурусаз абухъе- «Как об стенку горох». Дагьабги гІажаиблъизе ккараб жо гьечІищ:цоял рачІуна рарал бакІазул документилан, тІад гІакІа къотІизе лъугьуна.Цин ракьул документ гьечІого рарал бакІазул документ кин букІинеб,гьаваялда рарал гьелги гьечІелъул? Гьанже ракІалде кколеб буго цо щинаб,бетІергьабаздасаги балъго,цониги хІакимас документалги гьарун жиндиего босун(присвоить гьабун) бугодай гьеб мухъалъул ракь абун,гурого рехсараб документ гьабунгутІизе щиб гІилла бугебалигІаги баян кьезе ккеларищ? ГІадамаз минабиги разе байбихьун буго гьениб.

КинабгІаги жояльул букІуна 2 рахъ: авал-ахир,у-гуро,бихьана-бихьичІо,рагІана-рагІичІо, льа-ла-лъаларо, бажарула-бажаруларо ва гь.ц. «Tarcium non datur» абула латиналъ,(третьего не дано), ай лъабабилеб нух гьечІо. БачІинахъего «гьаб нижер иш гуро», «гьеб нижехьа бажаруларин, яги бажарулин, цІараб болжалалде тІубазе бугин» абиго бигьаяб букІинароандай,гьалщинал нерваби хвезаричІого. «Босанищ тІадетІубазабе, кьунищ рагІи-щулаго кквe» абун руго магІарулазул гІакъилал рагІаби.Гьел рагІаби аслияб лозунглъунги ккун,чІахІахатІальги хъван, киназдаго бихьулеб бакІалда чІваий лъикІ букІинаан МФЦялъулаз.

Цебе кинаб бугониги идараялде бачІараб кагъат, гІарз (заявление, жалоба), яги казияталда бахъараб критикияб макъала, иш тІадал гІадамаз ун бакІалдегун, гъорлъе раккун,хал гьабун,хІакъикъат мухІкан гьабун, иш роцІинабиялъе тадбирал гьарулаан ва цІараб, Законалъ чІезабураб болжалалда жавабги кьолаан. Гьелъ борхулаан живго нухмалъулесулги, гьес нухмалъи гьабулеб хъулухъалъулги къадру. Жакъа щибха камун бугеб? ГІадамазухъ гІенеккараб мехалда бихьулеб буго гьезул цо-цо нухмалъулездаса тІубанго ракІ буссун букІин,абураб,хъвараб жоялъги щибго пайда кьолеб гьечІолъи. Чанго соналъ цебе районалда билъанхъараб гІадат букІана зама-заманалда, щибаб отделалъул нухмалъулелгун, росабалъе щун, жамагІаталгун дандчІван,гьезул гІузра базухъ гІенеккун, бажарани бакІалдаго мурад тІубан, санагІат ккечІони, цадахъ хъван росун гьабулеб, хадубккун гьабураб хІалтІул хІакъалъулъ гІадамазе баянги кьолеб. ТІубанго мурад тІубачІониги,гьеб букІана жамагІатал разияб хІалтІи.

РукІуна гІадамал цо-цо хІакимзабаз рикІкІунарел, гьезул «лъикІаб бералда» рихьуларел, кинавго чи цого вукІунарелъулха. ХІалтІиги, хъулухъги заманалъул иш, жакъа-мун, метер-цойгидав.Воре, магІарулал,хъулухъалъе, гІиси-бикъинаб дунялалъул боцІиялъе гІоло билизе тоге умумуз нилъее ирсалъе тараб иманги,намусги ва гІаданлъиги! Гьаб накъиталъеги ахир лъезе бокьун буго цойги латиназул абиялдалъун: «Dum spiro-spero» (Пока живу-надеюсь). БичІчІуледа бичІчІина! АЛЛАГЬАС лъикІаб хъван батаги !

**Магьди ГІабдурахІманов**
**Игьали росу**

БАРКАЛА ЗАГЬИР ГЬАБУЛЕБ БУГО

**Гьал къояз Аллагьасул къадаралде щвана ЦІумада ва ГІахьвахъ районазда гІемер соназ прокурорлъун хІалтІарав ЦІумада районалъул Гьигьалъ росулъа МухІамадов ЗулхІужа ГІалиевич.**

**ЗулхІужал васаз кІудияб баркала загьир гьабулеб буго гьеб къварилъиялда бан жидехъе зигаралъе Агъвали рачІарал, рачІине рес рекъечІого телефоналдаса зигара барал Болъихъ, Гумбет, ГІахьвахъ ва Хунзахъ районазул жамагІатазда ва гІолохъабазда.**

**Аллагьас рохун таги, зияратги къабул гьабун батаги.**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Досудебное урегулирование налоговых споров

**В настоящее время разрешение налоговых споров в соответствии с законодательством о налогах и сборах, осуществляется в два этапа: досудебное урегулирование налоговых споров и судебная защита прав и интересов субъектов налоговых правоотношений.**

Относительно судебного урегулирования налоговых споров можно сказать, что число споров в арбитражных суцдах возрастало пропорционально доверию судебной системе со стороны налогопрлательщиков, что привело к агромной загруженности арбитражных судов.

Вышеуказаная ситуация привела к закреплению в Налоговом кодексе Российской Федерации (далее-НК РФ) досудебного порядка урегулирования споров и появлению процедур обжалования актов налоговых органов, действий и бездействия их должностных лиц по результатам налоговой проверки.

В связи спринятием Федерального закона от 2 июля 2013 г.N153-ФЗ «О внесении изменений в часть первую Налогового кодекса Российской Федерации» внесены изменения в часть первую НК РФ, в соответствии с которыми начиная с 2014 г. все налоговые споры подлежат обязательному досудебному урегулированию в вышестоящем налоговом органе.

Так, уполномоченым органом издан Приказ от 13 февраля 2013 г. N ММВ-7-9/78@ «Об утверждении Концепции развития досудебного урегулирования налоговых споров в системе налоговых органов Российской Фендерации на 2013-2018 годы» (далее-концепция).

Целью настоящей концепуии является определение путей, а так же способов обеспечения перехода на приимущественно внесудебный порядок разрешения налоговых споров.

Стратегической целью является развитие внесудебных механизмов урегулирования налоговых споров, позволяющих добиваться разрешения налоговых споров без участия суда, в том числе развитие примирительных процедур, иных внесудебных процедур,позволяющих устранить конфликтные ситуации при обращении в Федеральную налоговую службу РФ без необходимости подачи письменой жалобы, повышение прозрачности процедуры рассмотрения жалоб, упрощение способов взаимодействия, создание условий и стимулов для разрешения споров во внесудебном порядке.

В соответствии со внесеными изменениями в НК РФ в 2014 г. введена еще одна форма налогового контроля, ав именно налоговый маниторинг, целью котороо является предупреждение возникновения налоговых споров.

Исходя из системного анализа раздела V.2 НК РФ предметом налогового мониторинга правильность исчисления (Удержания), полнота и своевременость уплаты (перечисления налогов, сборов, страховых взносов, обязаность по уплате (перечислению которых в соответствии с настоящим кодексом, возложена на налогоплательщика (плательщика сбора, плательщика страховых взносов, налогового агента)-организацию (далее в настоящем раздела-организация).

По сути, налоговым мониторингом является проверка, проводимая в режиме реального времени, где должностными лицами налоговог органа контролируется расчеты налогов, в случае выявления ошибок о них сообщается организации.

В случае если стороны не пришли к соглашению в досудебном порядке разрешения налоговых споров, это не лишает их права обратится в суд.

По всем возникающим вопросам при наличии налоговых споров, а так же в ходе подготовки возражений и жалоб, просим обращаться в межрайоную инспекцию ФНС Рссии №12 по РД или по телефону горячей линии: 887(271)2-21-28.

**А. Абдулаев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России №12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 3 класса**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Актуальность уплаты имущественных налогов как основной источник формирования доходов части бюджета республики и местных бюджетов

**Потребность в сборе налогов возникла еще в древности, с появлением в структуре общества особого органа-государства, не учитывающего в материальном производстве, в функции которого входила защита интересов самого общества.**

Невозможно точно определить, когда появились первые налоги, как и нельзя точно определить, когда появилось первое государство.

Имущественные налоги – это один из налогов налоговой системы Российской Федерации, который установлен Российским законодательством. Конституция Российской Федерации закрепляет обязанность налогоплательщиков платить законно установленные налоги и сборы (ст.57 Конституции РФ) бюджетная система России, подразделённая на федеральный, региональный и местный уровни, предусматривает следующие виды имущественных налогов: налог на имущество организации, транспортный налог-(региональный бюджет); налог на имущество физических лиц, земельный налог-(местный уровень).

Налог на имущество, транспортный и земельный налог за соответствующий год граждане обязаны уплатить не позднее первого декабря года, следующего за отчетным годом. Земельный и имущественный налоги поступают в полном объеме в местный бюджет, а транспортный налог зачисляется в бюджет республики и уже ввиде субсидий местным бюджетам распределяется бюджетам районов и городов на содержание и ремонт дорог местного значения.

Имущественные налоги являются одним из основных источников формирования бюджетов сельских поселений. И именно поступления от этих налогов напрямую доходят до местных жителей конкретных поселений в виде отремонтированных дорог, содержание в чистоте улиц, мест отдыха, благоустройства территорий, уличного освещения, содержания муниципальных учреждений культуры и т.д.

Всего за 2017 год по Гумбетовскому району начислено 9105 тыс.руб. имущественных налогов, в том числе: транспортного налога -7137 тыс.руб., налога на имущество физических лиц-1495 тыс.руб., земельного налога – 473 тыс. руб. и земельного налога с физических лиц-105 тыс. руб. В соответствии с действующим налогов налоговым законодательством срок уплаты имущественных налогов с физических лиц установлен до 01 декабря года, следующего за истекшим налоговым периодом. По истечении срока уплаты за каждый день просрочки платежа начисляются пени. К сожалению на 01.08.2018 года по имущественным налогам имеются неоплаченные долги населения района, которые составляют 6058 тыс. руб., в том числе по транспортному налогу-4236 тыс. руб., по налогу на имущество физических лиц-1098 тыс. руб., по земельному налогу -724 тыс. руб. На эти средства можно было отремонтировать дороги и выполнить другие работы по улучшению облика сельских населенных пунктов.

Зачастую неуплата налогов связана не только с забывчивостью граждан, но и несвоевременным получением налоговых уведомлений по причине перемены места жительства, временного отсутствия по месту регистрации и в силу других житейских вопросов. Но в таком случае обязанность каждого гражданина, которая определена законодательством, - не только своевременно оплачивать налоги, но и самостоятельно декларировать объекты налогообложения. Для удобства граждан получить сведения о задолженности можно как в офисе налоговой службы, так и на официальном сайте в «Личном кабинете налогоплательщика».

И в заключение хотелось бы напомнить жителям района, что оплачивая имущественные налоги в срок, вы принимаете тем самым активное участие в формировании благоприятного облика сельских поселений.

**А. Абдулаев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России №12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 3 класса**

СОЦИАЛКА

# Единовременная денежная выплата для детей из малоимущих многодетных семей, поступающих в первый класс, проживающих в Республике Дагестан

**Единовременная денежная выплата осуществляется малоимущим многодетным семьям, размер среднедушевого дохода которых не превышает величины прожиточного минимума Установленного в Республике Дагестан (на 13.06.2018 год составляет - 9147 рублей.)**

Размер единовременной денежной выплаты на ребенка, поступающего в первый класс, из малоимущей многодетной семьи составляет 2000 рублей.

Уважаемые родители будущих первоклассников этого учебного года. В целях своевременного назначения и осуществления единовременной денежной выплаты на ребенка, поступающего в первый класс, из малоимущих многодетных семей нашего района, Вам нужно обратиться в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» желательно до 20 ноября 2018 года.

Перечень необходимых документов для назначения и выплаты единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс из малоимущей многодетной семьи.

- Заявление с указанием сведений о доходах семьи. - Копии свидетельство о рождении ребенка.

- Справка с места жительства ребенка о совместном его проживании с родителем.

- Справка органа социальной защиты населения по месту жительства другого родителя о неполучении единовременной денежной выплаты на ребенка.

- Справка органа образования о приеме документов на зачисление ребенка в первый класс.

- Копии паспортов и иных документов, удостоверяющих личность родителей ребенка.

- Документы о трудовой деятельности (выписка и трудовой книжки о последней места работы), справка с места роботы о заработной платы за три месяца до обращения.

- Справка о составе семьи на имя ребенка.

- СНИЛС обоих родителей.

- Справка с пенсионного фонда.

- Справка с налоговой инспекции.

- Справка с безработного.

**Отдел пособий УСЗН**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.